Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 32 (7586)
20 Июль
Хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Мобилизация

## ТІадаб налъи



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букІана ихдалил призывалде гІолохъаби ах1улеб заман лъугІиялде бусараб данделъи. Гьенибго бицана конракт хъван хъулухъ гьабиялъул суалазулги.

ДандчІваялда гІахьаллъана районалъул рагъулав комиссар Къудрат ХІасратов, призывалде гІадамал хІадуриялъул рахъалъ жавабияв М. Гъапуров, учеталда лъеялъул, мобилизация гьабиялъул отделалъул нач. М. МухІамадовги. Гьез тІадчІей гьабула гьоркьор лъурал суалазда рекъон жидецаго гьарурал хІалтІабазда.

Ахиралда бетІер ГІ. НурмухІамадовас гьезие тІадкъаял кьуна тІадал ишазда, районалъул гІадамазе информация кьеялда ва спецоперация унел бакІазде контракт хъван унезулгун хІалтІи гьабиялда хурхун.

Лъимерлъи

## Ихтиярал цІуниялъе



І8 июлалда Унсооло районалъул администрациялъул активияб залалда букІана бестІал лъималазул законниял вакилзаби ахІараб данделъи. Гьенир гІахьаллъана районалъул прокурор ГІ. Маликов, саназде рахинчІел лъималазулгун хІалтІи гьабулев инспектор ХІ-М ХІасанов ва цогидалги лъималазулгун хІалтІи гьабулел гІадамал.

Аслиял суалаллъун данделъиялда рукІана опекуназ жидедаго тІаде росарал хІалтІаби тІурарел ругиш, лъималазе тарбия кьеялъулгун гьел хьихьиялъул къагІидаби данде кколел ругиш, гьезул буголъи букІине кколедухъ ц1унулеб букІин, ай лъималазда хурхун ругел закониял рахъал цІунулел ругищали.

Гьенибго опекаялъулгун попечительствалъул отделалъул специалист Х. Жамалодиновалъ бицана делабазул бугеб хІалалъул. Гьединго гьелъ тІад чІей гьабуна цогидалги лъималазда хурхарал суалазда.

Бюджет рукІалиде ккеялъе

## Жакъасел тІалабазда рекъон



І8 июлалда «Унсоколо район» МОялъул БетІер ГІ. НурмухІамадовасул нухмалъиялда гъоркь администрациялда букІана консолидированнияб бюджет рукІалиде ккезабиялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи.

ТІадехун рехсараб суалалда хурхун хІалтІулаб группаялъ рейдалъулал халгьариял тІоритІана лъебералда щуго районалъул территориялда ругел коммерческиял организациязда. Коммерческияб хІилтІи гьабиялъе жидер ихтияр гьечІел гІадамазе заман бихьизабуна анкьил ахиралде тІадал оганазда законияб хъвай-хъвагІай гьабизе, жиндерго гьабулеб хІалтІи законияб рахънибе ккезабиялъе.

Киназухъго гІенеккун ГІ. НурмухІамадовас бихьизабула: «Гьаб сагІаталда нилъер улкаялъ Украиналда тІобитІулеб буго хасаб рагъулаб операция, СВОялъул гІахьалчагІазе кумек-кверчІвай гьабиялъе хІажалъула гІарац ва цогидал жал. Гьединго гІарац хІажат буго нухал гьариялъулгун, ясли-ахал, школал къачІаялъе. ХІалт1ун киналго рагъалъ камил гьариялъ кьола лъик1ал х1асилал» - абун.

## Бича-хиси-законияб куцалъ



І7 июналда «Унсоколо район» МОялъул БетІерасул кабинеталъуб букІана неформалияб занятость къватІиб чІвазабиялъул мурадалда хІалтІулеб группаялъул хайиралъулаб бутІа цебетІезабиялде буссараб данделъи. Гьенир гІахьаллъана админастрациялъул отделазул начальникал, ОМВДялъул Унсоколо районалда вугев полициялъул отделениялъул нач. А. Валиев, республикаялъул №І0 районазда гьоркьосеб налогазул инспекциялъул жавабиял ва цогидалги. Данделъиялда бетІер гІенеккана киналго рахъазда рекъон жавабияз кьолел х1исабкьеязухъ. Гьезул кьучІалда районалъул бетІерас тІадал гІадамазе тІадкъаял кьуна районалъул бизнесалъулаб рахъ законалда рекъон бачІинабиялда хурхун.

Гьенибго бихьизабуна гьаб гьоркьоб лъураб суал Дагъистан Республикаялъул БетІерасул бербалагьялда гъоркь бугин.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 32 (7586)
20 июль Хамиз
2023 сон

2 гьумер

# ГIолохъанлъи

НакIкIаз бахчараб бакъ кидал кунчIилеб
ЧIвараб божиялда лъица рухI лъелеб,
Х1алихьалъи хабалъ кинан букъилеб
РитIухълъиялъ чIегIер щибун бахъилеб ?!

Украина

## Рагъулав врач



**2022 соналъул 24 февралалда байбихьана Украиналда хасаб рагъулаб операция. ГьабсагIаталда Россиялда ва дунялалдаго бищунго бицен гIемераб тема ккола гьеб.**

**Дагьал гьечIо спецоперациялда гIахьаллъулел нилъер районалдасаги гIолохъаби, жидеего бугеб хIинкъиялде рачIинчIого дунялалдаго рекъел букIинабиялъе гIоло кьеркьолел руго гьел.**

Унсоколо росулъа Баширов МухIамадсайгид ккола травматолог. Гьев жиндиего бокьун рагъде ана 2022 соналъул I5 ноябралда. БачIинахъего МухIамадсайгид ккана Буденовск шагьаралъул 205 армиялде, гьенибго кьокъал болжазда, ай кIиго анкьалъ лъай-хъвай гьабуна рагъулаб гIумроялъулгун. Буденовскаялъул рагъулал ишал унел зонабазда вукIана микьго моцIалъ.

Жакъа ракълил ва рагъул гIумроялъулъ кIудияб бакI ккола врачасул махщелалъ . Рагъул зонабазда абуни гьеб цIакъго хIажатаблъун буго. Медикал унел руго рагъухъабигун цадахъ киса-кирего, бакIаздаго кумек гьабулеб буго лъукъарал-сакъалъаразе, кинабго кIочон тун роргула медикал къварилъи ккарал хвасар гьаризе.

Рагъуца чи сакъатлъизавула гIицIго къаркъалаялъул бажари хвезабун гуребги рекIелъ сахлъуларел ругънал лъунги. Кидаха чIаго ругезда кIоченеб махсаро-хочI гIемерал аскIор къоял тIамун рукIарал гIолохъаби чIван- гьечIого хутIи. Гьеб рагъулъ абуни батIалъи гьечIо рагъул байданалда яги бахчараб бакIалда рукIиналъул. ГIемерисеб мехалда гьениб унеб буго дроназул рагъ, гьеб бокьараб мехалъ кив вугониги щвезе бегьула щивасда.

Рагъулъ гIадамал хвасар гьариялъе гIоло М-С Башировасе кьун буго «За отвагу»,- медаль. Гьеб буго цадахъ ругел рагъухъабазул гIумро цIуниялъе гIоло гьабураб хIалтIулъ щвараб шапакъат.

**П-З. ХIАСАНОВА**

*Пайдаял малъиял*

## *Релъанхъе, гьиме…*

**Релъанхъи ккола черхалъе, хасго квен бигьинабулел органазе упражнениял гьари гIадаб жо. Гьелъ лъикIго квен бигъинаби гуребги лъикIаб асар гьабула тIолабго черхалъул бидул хьвади лъикIлъиялъеги.**

ЛъикIаб гъира-цIа букIиналъе цIале гIемер интересал тIахьал ва балагье нилъго релъанхъизе ва гьимизе тIамулел программабазухъ. Гьединго гара-чIваре роха-хинлъун, махсараби гьарун рукIунел гIадамалгун, ай ракIал гIолохъанал, махсаро-хочI бугелгун . ДорегIан те, пашманал, захIматаб гIамал хасияталъул гIадамал. Нужгоги гIемер гьиме, гьебго щвезе бокьани, дандияс дасан.

ГIемермсеб мехалда гьава-бакъалда барабги букIуна къойил гъира-цIа. Дуего лъикIал гъира цIа бачIинабизе бажаре бокьараб гьава-бакъалъул къоялъ. ГIадада гурелъул абулеб кинаб бук1аниги гьава-бакъалъул къо ракI-ракIалъ къабул гьабизе ккколин.

Спецоперация

## Гьужумалъулаб отрядалда

МагIуралаз абула къо ккедал лъалин бихьинчиясул хIал,-абун, ВатIаналъул цо бутIаялде тушман ваккидал бичIчIана Унсоколо росулъа Шамильхъалаялда гIумро гьабун вугев Шамиль КъурбангIалиевасда эбелаб ВатIаналде къо ккун букIин. Цеве полициялъул кьеразда вукIарав гIолиласда лъикIго бичIчIулаан киве унев вугевали. Дунги инчIони тIаде гIагарлъулев тушманасдаса лъица ВатIан цIунилеб,- абураб пикроялъ хIалхьи толеб букIинчIо гьесие. Дагьаб цебе ккараб талих1 кьосараб ишалъ жагьаллъараб сахлъи бугониги, щулияб кьотIи гьабуна ракI-ракIалъ ВатIаналъе хъулухъ гьабизе. Гьедин кьотIи-кьайги хьван ана хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе. Анкьо соналъ полициялда хIалтIарав гьасие ракI-ракIалъ захIмалъулеб букIана Украиналъул халкъалда нацистаз гьабулеб гIазаб-зулмо. Гьеб жинца хисизабулеб гIадин гIедегIун букIана гьасул ракI кьалулъе лъугьине.



Араб соналъул 25 январалда щвана Шамиль Закорожьаялъул областалде, гьенив кIиго моцIалъ цIалана рагъулал ишазе. Хадур гьал рикьана батIи-батIиял частазде. Шамиль ккана гьажумалъулаб (штурмовияб) отрядалде ва бихьинчияб куцалда кьеркьана нацисталгун. Гьес тIубазабулаан отрядалъул начальникасул заместителасул хIалтIи.

Иргадулаб тIадкъай тIубазабулаго лъукъана гьав, гIезагIан заманаялъ сахги гьавун, гьеб щулалъизегIан тIад вуссана рокъове.

Унсоколоса ПатIиматзагьрат СултIановалъ вас Шамиль гIезавуна эменги гьечIого, бичана гьесие гIоло гIумро, кьуна мисалияб тарбия. Цо вугев васасда рагъулаб кьогIлъи бихьизе кинго бокьун букIинчIо гьалъие. Амма кинго гIенеккечIо жиндирго пикро кколев Шамиль. Эбел абуни гIицIго Аллагьасде хьулгун ялагьун чIун йикIана васасул хабаралъухъ. Гьедин рорчIана рогьунарел сардал, регIана къокъунарел къоял. Кин бугониги, лъукъунгIаги тIад вусана вас рагъдаса. Гьев гьабсагIаталдаги вуго магIарухъ…

Цебе ккараб сакъатлъиялъ лъабабилеб группаялъул инвалидлъун гьавун вугониги кинго рекIее къабуллъулеб гьечIо Шамиль КъурбангIалиевасе рокъоб хIалхьиялда букIунеб гIумро. Цогидал гIолохъабазеги мисаллъунги чIун, кодобе босана гьес ярагъ ва ракьалда хадубккунги ракълилаб гIумроялъе гIоло рагъулал кьералъе тIад вуссине ракIалда буго гьесда.

**С.КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА**

Сахлъи

## Бихьиназул гъалатIал

**I. Хъалиян бухIиялъ херлъизарула, рас хIулула.**

Дерматолагаз бихьизабулеб буго хъалиян бухIиялъ хвезабизе рес бугин расул кьибил-, абун. ГIемер хъалиян бух1улесул бидурихьал загIиплъула, расул кьибилалде бидул хьвади хола.

**2. Гьелъ рас лъугьуна цIамгIалаблъунги нах бохьараблъунги, кинаб букIаниги шампуналъ гьеб чуруларо.**

Гьедин бугони хехго бакъвазабула расул гIуцIи. Гьеб ккола организмалъул жанисеб захIмалъи, гьеб лъугьуна цинк, селена, батIи-батIиял кьаралъиялъул кислотаби гIолел гьечIолъиялъ, хасго В группаялъул витаминалгун кислотаби гIолел гьечIони. Гьединаб мехалда гIемер кванай ражи, тIахьдидул, чIегIераб ва цIоролъидул ханждал (цIалкIичIого) гьарурал квенал. ГIемер кванай ччугIа, гьан, гIурччинаблъигун бахчабазул культураби.

**3. БитIун кваначIони, хехлъула рас хъахIлъи .**

Хехго рас хъахIлъи ч1езабизе к1ола В1, В2, В3, витаминал гъорлъ бугел жалаз. Кванай хIайваналъул тIул, ралъдал продуктаби, багIаргьоло, цIулакьо, семечка.

ГIемер сваказегIан хIалтIуге, стрессаздаса цIуне, би дагьлъи бугищали хал гьабе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 32 (7586)
Хамиз
14 июль 2023 сон

3 гъумер

# С а д о в о д

Страница в номере



## *Изменения в сфере организации перевозок пассажиров и багажа*

Прокуратура Унцукульского района разъясняет, что Федеральным законом от 29.12.2022 № 580-ФЗ «Об организации перевозок пассажиров и багажа легковым такси в Российской Федерации, о внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации и о признании утратившими силу отдельных положений законодательных актов Российской Федерации» установлены особенности осуществления перевозок пассажиров и багажа легковыми такси.

Указанным законом вводится и ряд дополнительных требований.

Новым законом устанавливаются дополнительные требования к легковым такси, их водителям и к перевозчикам.

Водителем легкового такси может быть лицо, которое заключило трудовой договор с перевозчиком либо является индивидуальным предпринимателем, которому предоставлено разрешение и который осуществляет перевозки легковым такси самостоятельно, а также лицо, являющееся самозанятым, при условии заключения договора со службой заказа легкового такси.

Теперь закон предусматривает создание региональных реестров перевозчиков, такси и служб заказа такси. Сведения указанных информационных систем, за исключением персональных данных, будут общедоступными.

Согласно изменениям основаниями, препятствующими допуску лица к управлению легковым такси являются:

- повторное назначение наказания в виде лишения права управления транспортным средством и (или) в виде административного ареста за административные правонарушения в области дорожного движения до истечения одного года со дня окончания предыдущего срока такого административного наказания;

- не прохождение аттестации на знание расположения на территории субъекта Российской Федерации объектов транспортной инфраструктуры, объектов культурного наследия (памятников истории и культуры) (при наличии), медицинских организаций, объектов образования, спорта, объектов, занимаемых органами государственной власти и органами местного самоуправления, а также путей подъезда к ним, действий в чрезвычайной ситуации, правил перевозки пассажиров и багажа легковым такси в случае, если порядок проведения такой аттестации и требования к указанным знаниям установлены законом и (или) иным нормативным правовым актом субъекта Российской Федерации;

- наличие неснятой или непогашенной судимости за совершение преступлений, указанных в ст. 328.1 Трудового кодекса Российской Федерации, либо уголовное преследование лица за эти преступления;

- наличие более трех неуплаченных административных штрафов за административные правонарушения в области дорожного движения за период, предшествующий дню осуществления перевозки пассажиров и багажа легковым такси.

Основные положения закона вступят в силу с 1 сентября 2023 года.

Разрешения на перевозку пассажиров и багажа легковым такси, выданные до дня вступления в силу нового федерального закона, действуют до окончания срока их действия, но не более пяти лет со дня вступления в силу Федерального закона.

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»

Индекс 368950 РД, Унцукульский район, пос. Шамилькала, ул. М. Дахадаева,3 тел.55-64-85e-mail:mo_uncuk_raion@mail.ru

## П О С Т А Н О В Л Е Н И Е

**от «17» июля 2023г. № 117**

**О Порядке взыскания в доход бюджета МО «Унцукульский район» неиспользованных остатков межбюджетных трансфертов, полученных в форме субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое назначение**

В соответствии со статьей 242 Бюджетного кодекса Российской Федерации, Приказом Министерства финансов Российской Федерации от 13 апреля 2020г. № 68н «Об утверждении Общих требований к порядку взыскания в доход бюджетов неиспользованных остатков межбюджетных трансфертов, полученных в форме субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое назначение, межбюджетных трансфертов бюджетам государственных внебюджетных фондов, и Порядка взыскания неиспользованных остатков межбюджетных трансфертов, предоставленных из федерального бюджета» и во исполнение письма прокуратуры Унцукульского района Республики Дагестан от 26.06.2023 № 01-02/298-23-20820043 Администрация МО «Унцукульский район»

**постановляет:**

1 Утвердить прилагаемый Порядок взыскания в доход бюджета МО «Унцукульский район» неиспользованных остатков межбюджетных трансфертов, полученных в форме субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое назначение.

2 Опубликовать настоящее постановлениев районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте администрации муниципального образования «Унцукульский район» в сети «Интернет».

3 Настоящее постановление вступает в силу после дня его официального опубликования.

4 Контроль исполнения настоящего постановлениявозложить на начальника Отдела финансов администрации МО «Унцукульский район» Шамсудинова Ж.М.

**Глава МО**
**«Унцукульский район»**
**И.М.Нурмагомедов**

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»**

Индекс 368950 РД, Унцукульский район, пос. Шамилькала, ул. М. Дахадаева,3 тел.55-64-85e-mail:mo_uncuk_raion@mail.ru

Приложение
Утвержден
постановлением Администрации
МО «Унцукульский район»
от 17.07.2023 №117

# ПОРЯДОК

**взыскания в доход бюджета МО «Унцукульский район» неиспользованных остатков межбюджетных трансфертов, полученных в форме субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое назначение**

1 Настоящий Порядок взыскания в доход бюджета МО«Унцукульский район» неиспользованных остатко межбюджетных трансфертов, полученных в форме субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое назначение (далее - Порядок взыскания), разработан в соответствии с Приказом Министерства финансов Российской Федерации от 13.04.2020 № 68н «Об утверждении Общих требований к порядку взыскания в доход бюджетов неиспользованных остатков межбюджетных трансфертов, полученных в форме субсидий, субвенций иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое

назначение, межбюджетных трансфертов бюджетам государственных внебюджетных фондов, и Порядка взыскания неиспользованных остатков межбюджетных трансфертов, предоставленных из федерального бюджета», и устанавливает правила взыскания в доход бюджета МО «Унцукульский район» неиспользованных по состоянию на 1 января текущего финансового года остатков межбюджетных трансфертов, полученных в форме субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое назначение, за исключением межбюджетных трансфертов, источником финансового обеспечения которых

являются бюджетные ассигнования резервного фонда Президента Российской Федерации, предоставленных из бюджета МО «Унцукульский район» бюджетам сельских поселений МО «Унцукульский район» (далее - целевые средства, неиспользованные остатки целевых средств). 2 Формирование и обмен документами (за исключением документов, содержащих сведения, составляющие государственную тайну) осуществляется в электронных документов в государственной

интегрированной информационной системе управления общественными финансами «Электронный бюджет» с применением классификаторов, реестров и справочников, ведение которых осуществляется в соответствии с Положением о государственной интегрированной информационной системе управления общественными финансами «Электронный бюджет», утвержденным постановлением Правительства Российской Федерации от 30.06.2015 N 658 «О государственной интегрированной информационной системе управления общественными финансами «Электронный бюджет», и с использованием усиленных квалифицированных электронных подписей (далее - электронная подпись) уполномоченных лиц. 3 Возврат неиспользованных остатков целевых средств в бюджет МО «Унцукульский район», из которого были предоставлены целевые средства, осуществляется администрацией поселения, за которой в соответствии с муниципальными правовыми актами закреплены источники

доходов соответствующего бюджета сельского поселения МО «Унцукульский район» по возврату остатков целевых средств из данного бюджета сельского поселения МО «Унцукульский район» (далее - администраторы доходов по возврату).

4 Не использованные по состоянию на 1 января текущего финансового года остатки целевых средств подлежат возврату администраторами доходов по возврату в доход бюджета МО «Унцукульский район» в течение первых 15 рабочих дней текущего финансового года.

5 В случае если неиспользованные остатки целевых средств не перечислены в доход бюджета МО «Унцукульский район» в течение установленного пунктом 4 настоящего Порядка взыскания срока (далее - установленный законодательством срок), Отдел финансов администрации МО «Унцукульский район» не позднее 30 рабочих дней со дня, следующего за днем истечения установленного законодательством срока: а) оформляет решение о взыскании неиспользованных остатков целевых средств по форме согласно приложению к Общим требованиям к порядку взыскания в доход бюджетов неиспользованных остатков межбюджетных трансфертов, полученных в форме субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое назначение, межбюджетных трансфертов бюджетам государственных внебюджетных фондов, утвержденным согласно приложению № 1 к Приказу Министерства финансов Российской Федерации от 13.04.2020 № 68н «Об утверждении Общих требований к порядку взыскания в доход бюджетов неиспользованных остатков межбюджетных трансфертов, полученных в форме субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое назначение, межбюджетных трансфертов бюджетам государственных внебюджетных фондов, и Порядка взыскания неиспользованных остатков межбюджетных трансфертов, предоставленных из федерального бюджета» (далее - Решение); б) в течение 3 рабочих дней со дня подписания Решения электронной подписью лица, уполномоченного действовать от имени администрации МО «Унцукульский район», направляет его: администрации сельского поселения МО «Унцукульский район», из бюджета которого взыскиваются неиспользованные остатки целевых средств, соответствующим администраторам доходов бюджета МО «Унцукульский район»

от возврата неиспользованных остатков целевых средств, из бюджета которого были предоставлены целевые средства (далее - администраторы доходов бюджета от возврата); в Управление Федерального казначейства по РД, осуществляющее казначейское обслуживание исполнения бюджета сельского поселения МО «Унцукульский район», из которого в установленный законодательством срок не перечислены неиспользованные остатки целевых средств, для взыскания неиспользованных остатков целевых средств, указанных в Решении, с соответствующих администраторов доходов по возврату в соответствии с Приказом Министерства финансов Российской Федерации от 29.12.2022 № 198н «Об утверждении Порядка учета Федеральным казначействомпоступлений в бюджетную систему Российской Федерации и их распределения между бюджетами бюджетной системы Российской Федерации», на основании распоряжения о совершении казначейских платежей, предусматривающего возврат средств из бюджетов сельских поселений МО «Унцукульский район» (далее - Распоряжение на возврат), оформленного в соответствии с Приказом Федерального казначейства от 14.05.2020 N 21н «О Порядке казначейского обслуживания». 6 Возврат соответствующим администраторам доходов по возврату осуществляется администраторам доходов от возврата в пределах отраженных на их лицевых счетах администратора доходов бюджета сумм соответствующих доходов от возврата неиспользованных остатков целевых средств на основании оформленных ими Распоряжений на возврат (с указанием информации, позволяющей определить целевые средства, по которым производится возврат неиспользованных остатков): а) сумм остатков целевых средств, излишне полученных в соответствии с

Порядком взыскания; б) сумм остатков целевых средств (за исключением остатков целевых средств, предоставленных из федерального бюджета), которые могут быть использованы на те же цели при подтверждении потребности в них в соответствии с решениями администраторов доходов от возврата, направленными администраторами доходов от возврата соответствующим администраторам доходов по возврату.

7 Возврат неиспользованных остатков целевых средств, взысканных в доход бюджета МО «Унцукульский район», а также их поступление в доход бюджета МО «Унцукульский район», предоставившего целевые средства, осуществляется по кодам классификации доходов бюджетов для отражения возвратов остатков субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое назначение, прошлых лет, для отражения доходов бюджетов сельских поселений МО «Унцукульский район» от возврата остатков субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов, имеющих целевое назначение, прошлых лет.

8 При отсутствии технической возможности реализации Решения в государственной интегрированной информационной системе управления общественными финансами «Электронный бюджет» формирование и обмен документами в соответствии с настоящим Порядком осуществляется в системе электронного документооборота посредством направления сопроводительного письма администрации МО «Унцукульский район» с приложением отображения электронного документа Решения с электронной подписью в формате pdf либо в форме документов на бумажных носителях, утвержденных (подписанных)уполномоченными лицами.

## Лъазаби

I992 соналда Унсоколо №2 гьоркьохъеб школалда 11 класс лъугIарав МухIамадгIалиев ХIамзат НурмухIамадовасе кьураб А 114303 бугеб Атестат тIагIун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 20. 07. 2023 г. 15. 50 фактически -16. 30 мин. Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1002 экз. |
|---|---|---|---|